Pou Piblikasyon Imedya: 17/07/2024 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LEJISLASYON POU REDUI AKIMILASYON DOSYE NAN TRIBINAL FAMILYAL AK SIVIL YO

Lejislasyon S.9839/A.10540 elaji kantite jij nan tribinal familyal ak tribinal sivil yo

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon pou redwi akimilasyon dosye yo nan tribinal familyal ak tribinal sivil yo nan ogmante kantite jij ki nonmen ak eli nan tout eta a.

"Tribinal sivil ak familyal yo deside kèk nan pwoblèm ki pi sansib Nouyòkè yo fè fas a, epi pandan twò lontan, akimilasyon ak aryere te anpeche kapasite yo pou yo fonksyone yon fason efikas", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lejislasyon sa a bay tribinal nou yo zouti pou abòde akimilasyon dosye yo epi etabli sistèm jistis jis ak efikas Nouyòkè yo merite."

Lejislasyon S.9839/A.10540 elaji kantite jij nan tribinal familyal ak tribinal sivil yo nan tout Eta New York a 28 Y ap plase de nan Konte Nassau, y ap plase de nan Konte Suffolk, epi y ap plase yon lòt jij nan chak konte sa yo: Konte Cayuga, Chenango, Cortland, Erie, Jefferson, Rensselaer, Rockland ak konte Westchester. Lejislasyon an pral ajoute tou 16 jij pou Vil New York, ki gen ladan pòs nan tout vil la ki pral distribye atravè senk minisipalite yo sou diskresyon Majistra Vil New York la. Refòm sa yo pral ede rezoud akimilasyon ak reta ki byen dokimante nan tout pwosesis tribinal familyal la epi akselere pwosedi yo. OCA toujou ap kontwole kote yo bezwen jij yo atravè eta a epi li pral adrese bezwen kominote endividyèl yo pou asire yon distribisyon ekilibre ak efikas resous jidisyè yo.

Jij Anchèf Tribinal Apèl Eta New York, Rowan Wilson, te deklare, "Abòde bezwen fanmi ki nan detrès se youn nan pi gwo priyorite Sistèm Tribinal Inifye Eta New York la, epi nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Lejislati a pou lidèchip yo sou pwoblèm sa a. Kreye nouvo jijman sa yo atravè Eta a, ansanm ak ogmantasyon resous ki nesesè pou sèvi fanmi nou yo, pral amelyore anpil efò kontinyèl nou yo pou amelyore lavi timoun ak fanmi yo epi asire ke moun ki parèt nan Tribinal Lafanmi yo resevwa yon fason ki jis, reflechi ak rapid livrezon jistis ke yo merite."

Senatè Eta Brad Hoylman-Sigal te deklare, "Kèk nan zafè legal ki pi enpòtan ak entim yo pase nan sistèm Tribinal Familyal nou an men dènyèman, akòz yon mank resous, sistèm Tribinal Lafanmi eta nou an tonbe nan dezòd. Otòn pase a, Sena Eta New York

la te fè yon odyans sou kriz la nan Tribinal Familyal Eta New York la pou detaye enkyetid sa yo epi konsidere solisyon posib yo. Youn nan anpil ide enpòtan ki te soti nan odyans sa a, ak rapò ki vin apre biwo mwen an te pibliye, se te bezwen dezespere pou ogmante kantite jij Tribinal Familyal ki te kapab ede rezoud plizyè milye ka ki akimile nan sistèm nan. Mwen kontan anpil jodi a pwojè lwa mwen an avek Manm Asanble Dais pou fè egzakteman sa te sinyen an lwa. N ap kreye 24 nouvo jij tribinal sivil pou Tribinal Familyal yo atravè Eta New York. Mwen rekonesan anvè Lidè Majorite Sena a Stewart-Cousins ak Gouvènè Hochul paske yo te koute enkyetid elektè nou yo epi yo te angaje yo pou ogmante resous pou Sistèm Tribinal Familyal nou an nan alafwa bidjè eta a ak nan adopte lwa sa a jodi a. Mwen gen espwa ke ogmantasyon nan kantite jij sa a pral pèmèt yo tande plis dosye timoun ak fanmi yo, epi chèche jistis nan bon moman."

Manm Asanble Landon C. Dais te deklare, "Mwen te patwone pwojè lwa sa a nan Asanble a paske mwen rekonèt diferans enpòtan nou dwe konble nan sistèm tribinal sivil ak familyal nou yo pou amelyore kalite jistis yo bay moun ki nan kominote nou yo. Lè yo ajoute plis jij nan sistèm Tribinal Familyal yo nan Vil ak Eta New York, lejislasyon sa a pral yon amelyorasyon enpòtan pou anpil fanmi. Twòp ka akimile pasyèlman akòz mank Jij nan tribinal familyal nou yo ak sistèm tribinal sivil nou yo afekte yon fason negatif moun ki pi vilnerab nou yo. Lè pwojè lwa sa a ap adopte, sistèm tribinal sa yo kapab akselere pwosedi ka yo epi jistis ka rive jwenn plis fanmi nan yon fason ki alè ak ekitab. Mwen bat bravo pou Senatè Brad Hoylman-Sigal pou travay li sou pwojè lwa a ak Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU